Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение
«Средняя общеобразовательная школа № 3» с.п. Малка

| «СОГЛАСОВАНО» | «ПРИНЯТО» | УТВЕРЖДАЮ |
|---|---|---|
| зам.директора по УВР | на заседании ШМО | Директор МКОУ «СОШ №3» |
| М.Х. Ворокова | учителей начальных классов | с.п. Малка |
| 28 08 2020г | Руководитель | В.А.Кушхов |
| | М.Х.Журтова | приказ № 101 от 31 08 2020г |
| | протокол № 1 от 28 08 2020г. | |

# Рабочая программа по учебному предмету «Адыгэбзэ» (кабардино-черкесский язык (родной)) для 4 класса

учителя начальных классов
Таовой Татьяны Беталовны

на 2020-2021 учебный год

Адыгэбзэм бзэр фIыуэ щIэным, ар шэрыуэу, IэкIуэлъакIуэу къигъэсэбэпыным гулъытэ, пщIэ лей хуащIу куэд щIауэк ъогъуэгурыкIуэ. Адыгэбзэм адыгэ лъэпкъыгъэр ехъумэ, лъэпкъым и гъащIэ гъуэгумрэ и тхыдэмрэ абы и пкъым хэпщауэ къыдокIуэкI, и IуэхущIафэ нэхъыщхьэхэр и лъэпкъыбзэм ехъумэ. Абы къыхэкIкIэ адыгэбзэр егъэфIэкIуэныр, щегъэджыныр икIи зыужьыныгъэ тэмэм егъэгъуэтыныр пэщIэдзэ классхэрщ щыщIэдзэн хуейр.

Абы хуэдэу зэхэгъэуващ е-4-нэ классыр адыгэбзэмкIэ Малкэ курыт еджапIэм зэрыщылэжьэну программэ. Ар ЗэхъуэхъуЛиуан и «Адыгэбзэ» учебникым къигъэув Iуэхугъуэхэм тещIыхьауэ зэхэлъхьащ, икIи еджакIуэхэм тхэкIэт эмэмым фIыуэ щыхэгъэгъуэзэным теухуащ. Апхуэдэу щыщыткIэ е-4-нэ классым япэ классхэм щаджахэм къытегъэзэжын хуейуэ щытщ. Программэм къегъэув еджакIуэхэм пэщIэдзэ класс псоми макъхэмрэ хьэрфхэмрэ ятеухуауэ лэжьыгъэхэр щагъэзэщIэн хуейуэ. Ар икъукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэщ. ЕджакIуэхэм бзэр щаджым деж, макъхэр, ахэр къызэрагъэлъагъуэ хьэрфхэр, псалъэхэр пычыгъуэкIэрэ макъкIэрэ зэпкърахыу щытмэ, абыхэм псалъэхэм я тхыкIэ тэмэмым, практикэм ипкъ иткIэ, куэд хащIыкIынущ икIи псалъэ куэди щыуагъэншэу ятхыф хъунущ. ТхэкIэ тэмэмыр ящIэным теухуауэ куэд хэтщ «ЩыIэцIэ», «ПлъыфэцIэ», «ЦIэпапщIэ», «Глагол», «БжыгъэцIэ» темэхэр зи псалъащхьэу мы программэм къыщыгъэлъэгъуа материалхэми.

Псалъэм и мыхьэнэм елэжьыным Iуэхугъуэ куэд къегъэув е-4-нэ классым адыгэбзэр щаджкIэ. Ахэр зи мыхьэнэкIэ зэгъунэгъу, зэпэщIэуэ щыIэцIэ, плъыфэцIэ, глаголхэр къэхьынырщ. КъэIуэтэныгъэ зэпхам псалъэхэр къытрагъэзэжу къэмыхьыным хуегъэджэн, хуегъэсэн хуейщ. ЦIэпапщIэхэр щыIэцIэхэм я пIэкIэ къэгъэсэбэпыным теухуа лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыпхъэщ.

ТхэкIэ тэмэмым щелэжь кIи грамматическэ материалыр щаджкIи Iэмал имыIэу еджакIуэхэм я бзэмрэ я зэхэщIыкIымрэ зегъэужьын, я гъэсэныгъэр тэмэму унэтIын хуейщ. А псори блэжьынымкIэ урокым щагъэзащIэ лэжьыгъэхэр дэIэпыкъуэгъу хъууэ щытын хуейщ.

Сыт хуэдэ лэжьыгъэ адыгэбзэмкIэ ямыгъэзащIами, хуей щыхъум деж, еджакIуэхэм псалъалъэр къагъэсэбэпыфу, ирилажьэфу есэн хуейщ.

4 классым щыдгъэзэщIэну лэжьыгъэхэм хэтщ псалъэм и мыхьэнэр къыбгурызыгъаIуэ лэжьыгъэ, псалъэм папщIэ, и мыхьэнэ дыдэмрэ и мыхьэнэ зэдзэкIамрэ къыуигъащIэу, псалъэ зэгъунэгъухэр, зэпэщIэуэхэр къагъуэтыфу, псалъэ зэлъэбжьэгъухэр къахутэфу, абыхэм префикс, суффикс зэмылIэужьыгъуэхэр пагъэувэурэ зэрахъуэкIыу, псалъэщIэ къагъэхъуу.

Лексикэм теухуауэ ит лэжьыгъэхэм псалъэхэр нэхъыбэу ящIэным, ар къагъэсэбэпыфыным, я гупсысэри узэщIыным имызакъуэу еджакIуэхэм псалъэм иIэ мыхьэнэмрэ абы и грамматическэ мыхьэнэмрэ зэхагъэкIыфу есэныгъэ ягъуэтыныр я къалэнщ.

ЕджакIуэхэм я гупсысэр зэм псалъэм къикI мыхьэнэм, зэм псалъэм къигъэлъагъуэ грамматическэ щытыкIэм хуэбунэтIмэ, абыхэм къагурыIуэу щIадзэ а IуэхугъуитIыр
зэрызэщхьэщыкIыр.

Псалъэ лъэпкъыгъуэхэр щаджым епхауэ псалъэм и лексическэ, и грамматико-орфографическэ мыхьэнэхэм зэрелэжьын лэжьыгъэу тхылъым итым нэмыщI и псалъэр зэрызэхэт IыхьэхэмкIэ зэрызэрапх, псалъэр къызэрыхъу щIыкIэхэм теухуа лэжьыгъэхэри къэлэжьын хуейщ.КъэIуэтэныгъэ зэпхам теухуауэ бзэр, абы гъащIэм мыхьэнэуэ щиIэр, тхыгъэм и темэмрэ гупсысэ нэхъыщхьэ хэлъымрэ, тхыгъэр зэрыухуар (къызэрыщIидзэр, Iыхьэ нэхъыщхьэр, зэриухыр) къащIэфу, ятхыфу щытын хуейщ. Зэгъусэуи езыр-езыруи изложенэ, сочиненэ зэратхын план зэхалъхьэфу, планым тету текстыр зэхагъэувэфу е-4-нэ классыр къаухыну программэм къегъэув.

**Мурадыр:**

- еджакIуэхэр я бзэм, я тхыбзэм, я гупсысэкIэм зегъэужьын;
- макъхэр, ахэр къызэрагъэлъагъуэ хьэрфхэр, псалъэхэр пычыгъуэкIэз эпаудыфу, ударенэ трагъэувэфу егъэсэн;
- псалъэухам хэт псалъэхэм яку дэлъ зэпхыныгъэхэр къахутэфу, яджа грамматическэ формэхэр къагъэсэбэпурэ псалъэуха зэхалъхьэфу, псалъэуха убгъуамрэ мыубгъуамрэ зэхагъэкIыфу, псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэмрэ етIуанэ пкъыгъуэмрэ къагъуэтыфу егъэсэн;
- псалъэ лъэпкъыгъуэхэр, абыхэм яхуэув упщIэхэм елъытауэ ахэр зэрызэщхьэщыкIыр, ахэр зэхъуэкIа зэрыхъур тэмэму зэхагъэкIыфу егъэсэн;
- бзэм и грамматическэ хабзэ гуэрхэр зэрагъэпэщыным, абы къыдэкIуэуи  вывод щхьэхуэхэр щIыным, упщIэхэм жэуап етыным хуегъэсэн;
- бзэм къабзэу, шэрыуэу ирипсэлъэныр Iэмал имыIэу ящIэн зэрыхуейр къагурыгъэIуэн.

Адыгэбзэр джыным е-4-нэ классым **сыхьэтит1** хухах. Абы ипкъ иткIэ **сыхьэт 68** мэхъу.

**Учебно - тематическэ план**

| № | Разделхэр | Сыхьэт бжыгъ. | Абы щыщу | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | дикт. | излож. | сочин. |
| 1 | *Япэ классхэм щаджахэм къытегъэзэжын* | 22 | 3 | 1 | |
| 2 | ЩыIэцIэ | 12 | 1 | 1 | 1 |
| 3 | ПлъыфэцIэ | 5 | 1 | - | - |
| 4 | ЦIэпапщIэ | 5 | - | 1 | - |
| 5 | Глагол | 12 | 1 | 1 | 1 |
| 6 | БжыгъэцIэ | 4 | 1 | - | - |
| 7 | Зэджам къытегъэзэжын | 8 | 1 | - | - |
| | | 68 ч. | 8 | 4 | 2 |

**ЕплIанэ гъэ еджэгъуэм хухэха разделхэмрэ темэхэмрэ**

1. Япэ классым щаджахэм къытегъэзэжын (сыхь. 18):
   1) Псалъэуха (сыхь. 2).
   2) Макъхэмрэ хьэрфхэмрэ (1сыхь.).
   3) Пычыгъуэмрэ ударенэмрэ (1сыхь.).
   4) Псалъэм и зэхэлъыкIэр:
      - Лъабжьэ (1 сыхь.).
      - КIэух (1 сыхь.).
      - ЗэхъуэкIа зэрыхъу префиксхэр (1 сыхь.).
      - Псалъэ къызэрыхъу префиксхэр (1 сыхь.).
   - Суффикс (1 сыхь.).
- Псалъэ лъабжьэм хьэрфзешэхэмрэ хьэрфдэкIуашэхэмрэ я тхыкIэр (1 сыхь.).
      - Псалъэпкъ (1 сыхь.).
   5) **Ь,Ъ**-хэмбзэммыхьэнэуэщаIэр (2сыхь.).
   6) Псалъэ лъэпкъыгъуэхэр (сыхь. 2).
   7) Псалъэухам и пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъухэр (сыхь. 3).

2. ЩыIэцIэ (сыхь. 9):
   1) ЩыIэцIэ унейхэмрэ зэдайхэмрэ (1 сыхь.).
   2) ЩыIэцIэм и закъуэмрэ и куэдымрэ (1 сыхь.).

3) ЩыIэцIэр падежкIэ зэхъуэкIа зэрыхъур (склоненэ) (1 сыхь.).
4) Белджылы, мыбелджылы склоненэ (1 сыхь.).
5) ЩыIэцIэм и закъуэмрэ и куэдымрэ я склоненэ (1 сыхь.).
6) Падеж кIэуххэм я тхыкIэр (сыхь. 3).
7) Послелог (1 сыхь.).

3. ПлъыфэцIэ (сыхь.4).
1) ПлъыфэцIэхэр бжыгъэкIэ зэхъуэкIын (1сыхь.).
2) ПлъыфэцIэхэр падежкIэ зэхъуэкIын (1 сыхь.).
3) Зэгъусэу къакIуэ щыIэцIэмрэ плъыфэцIэмрэ я тхыкIэр( сыхь.2).

4. ЦIэпапщIэ (сыхь. 4):
1) ЦIэпапщIэхэмкIэ гурыIуэгъуэ (1 сыхь.).
2) Щхьэ цIэпапщIэхэр (1 сыхь.).
3) Еигъэ цIэпапщIэхэр (1сыхь.).
4) Зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэхэр (1 сыхь.).

5. Глагол (сыхь. 9):
1) Глаголым теухуауэ гурыIуэгъуэ (1 сыхь.).
2) Унафэ щIыныгъэ глагол (1 сыхь.).
3) Инфинитив (1 сыхь.).
4) Глаголым и зэманхэр (1 сыхь.).
5) Глаголым и щхьэр (1 сыхь.).
6) Глаголым и спряженэ (сыхь. 1).
7) Глагол префиксхэм теухуауэ гурыIуэныгъэ (1 сыхь).

6. Псалъэпкъым **а**-мрэ **э**-мрэ зэрыщатхыр (1 сыхь.).
7. ЦIэпапщIэхэмрэ префиксхэмрэ (1 сыхь.).
8. БжыгъэцIэ (сыхь. 3).
1) БжыгъэцIэмкIэ гурыIуэгъуэ (1 сыхь.).
2) Зэрабж бжыгъэцIэхэр (1 сыхь.).
3) ЗэрызэкIэлъыкIуэ бжыгъэцIэхэр (1 сыхь.).

9. Зэджам къытегъэзэжын (сыхь. 8):
1) Алфавитыр, пычыгъуэр, ударенэр (1 сыхь.).
2) Псалъэм и зэхэлъыкIэр (1 сыхь.).
3) Макъ дэкIуашэхэр. Макъзешэхэр (1 сыхь.).
4) Псалъэухам и пкъыгъуэхэмрэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэмрэ (1 сыхь.).
5) ЩыIэцIэ (1 сыхь.).
6) ПлъыфэцIэ (1 сыхь.).
7) ЦIэпапщIэ (1 сыхь.).
8) Глагол (1 сыхь.).

Гъэ еджэгъуэ псом хухэхыпхъэщ:

**Къызэрапщытэ диктанту – сыхь. 8;**

**Бзэм, тхыбзэм зегъэужьыным (сочиненэ, изложенэ) – сыхь. 6.**

**ЕплӀанэ гъэ еджэгъуэм и кӀэм деж еджакӀуэхэм ящӀэн хуейхэмрэ яхузэфӀэкӀыпхъэмрэ.**

**ЯщӀэн хуейхэр:**

1. ЩыӀэцӀэм бжыгъэкӀэз эрызихъуэжыр. ЩыӀэцӀэр падежкӀэ зэхъуэкӀазэрыхъур. Зы псалъэм къыбгъэдэкӀыу адрей псалъэм хуагъэув упщӀэмкӀэ а упщӀэр зыхуагъэув псалъэр зэрыт падежыр къащӀэ зэрыхъур.
2. ЩыӀэцӀэмрэ плъыфэцӀэмрэ щызэдэщӀыгъум деж, абыхэм я бжыгъэр къагъэлъэгъуа зэрыхъу щӀыкӀэр. ЩыӀэцӀэм пыту ятх плъыфэцӀэхэр.
3. Щхьэ цӀэпапщӀэхэм я къэхъукӀэр.
4. Глаголым щхьэ, бжыгъэ, зэманкӀэ зэрызэрихъуэжыр.
5. Предметхэм я бжыгъэ къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр (бжыгъэцӀэхэр). ЩыӀэцӀэм пыту ятх бжыгъэцӀэхэр.
6. Псалъэхэм мыхьэнэ зэщхь, зэпэщӀэуэ яӀэнкӀэ зэрыхъур. ЩыӀэцӀэ, плъыфэцӀэ, глагол псалъэхэм мыхьэнэ зэщхь, зэпэщӀэуэ яӀэу бзэм къызэрыщыкӀуэр.
7. Псалъэуха лӀэужьыгъуэхэр, псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр, етӀуанэ пкъыгъуэхэр, псалъэухам хэт псалъэхэм яку дэлъ зэпхыныгъэр.

**ЯхузэфӀэкӀыпхъэхэр:**

1. Щыуагъэ хэмыту хъэтӀ дахэкӀэк ъытетхыкӀын, псалъэ 70-80 хъу тхыгъэхэр диктанту ятхын, пэжырытхэмкӀэ яджа хабзэхэм тещӀыхьауэ.
2. Псалъэухам къыщыкӀуа псалъэ зэлъэпкъэгъуэхэр запятойкӀэ зэпэщӀэхын.
3. Псалъэр зэрызэхэт макъ, хьэрфкӀэ зэпкъырыхын.
4. Псалъэр зэрызэхэткӀэ зэпкъырыхын: псалъэм и лъабжьэр, псалъэ къызэрыхъу, зэхъуэкӀа зэрыхъу префикс, суффиксхэр, кӀэухыр къыхэгъэкӀын.
5. Псалъэр псалъэ лъэпкъыгъуэкӀэ гъэбелджылын. ЩыӀэцӀэм, плъыфэцӀэм я склоненэр, падежыр гъэбелджылын, ахэр зэрыт бжыгъэр къэхутэн.
6. Глаголым и зэманыр, бжыгъэр, зэрыт щхьэр гъэбелджылын.
7. Псалъэухар къызэрыгуэкӀ дыдэу зэпкъырыхын, ар зыхуэдэр, абы и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэмрэ етӀуанэхэмрэ къыхэгъэкӀын, ахэр зэрызэпхар упщӀэкӀэрэ къэхутэн.
8. Псалъи 100-м нэс зыхэт тхыгъэр изложенэу тхын, езым зэхалъхьа планым тету, езыхэм я гъащӀэм къыщыхъуа гуэрым теухуа хъыбар зэхэлъхьэн.
9. Нэмыс хэлъу зэрыпсэлъэн хуейм къигъэув мурадхэм къезэгъыу зыгуэрым елъэӀуу, фӀыщӀэ хуищӀу, къихуигъэгъуну елъэӀуу, къригъэблагъэу, ехъэухъуу ятхын е жьэрыӀуатэу къыжаӀэн, я Ӏыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм письмо хуэтхын.

**Урокым къыщыдгъэсэбэп Iэмалхэр:**

- акъылым зегъэужьын Iэмалхэр (развивающие игры);
- творческэ лэжьыгъэхэр (творческие работы);
- лэжьыгъэм епха Iуэхугъуэхэр зэрызыхагъэкI упщIэхэр (проблемные вопросы);
- тест лэжьыгъэхэр (тестовые работы);
- лэжьыгъэ зэхэпща (интегрированные работы);
- къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр (поисковая работа).

**ЩIэныгъэ курсым теухуауэ къэдгъэсэбэп учебнэ-методическэ тхыгъэхэр:**

1. ПэщIэдзэ классхэм папщIэ программэ.
2. ЗэхъуэхъуЛиуан. Адыгэбзэ. 4 класс. КъБР-м ЩIэныгъэ IуэхумкIэ и министерствэм къищтащ. – Налшык: Эльбрус, 2010.
3. ЗэхъуэхъуЛиуан. АдыгэбзэмкIэ карточкэхэр.
4. ЗэхъуэхъуЛиуан Адыгэбзэр еплIанэ классым. (ЕгъэджакIуэхэм папщIэ чэнджэщхэр). ЦIыхубэ щIэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и министерствэм къищтащ. ЕтIуанэ къыдэкIыгъуэ, щIыгъужауэ. – Налшык: Эльбрус, …
5. Зэхъуэхъу Л. Орфографическэ псалъалъэ. ЕджакIуэхэм папщIэ пособие. КъБАССР-м ЦIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и министерствэм къищтащ. ЕплIанэ къыдэкIыгъуэ хэлэжьыхьыжауэ. – Налшык: Эльбрус, 1980.
6. Багъ Н.А., Болий Т.Т. Диктантхэмрэ изложенэхэмрэ. ЦIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ КъБР-м и министерствэм къищтащ. – Налшык: Эльбрус, 1995.
7. Токъу Сарэ. АдыгэбзэмкIэ таблицэхэр. КъБР-м и ЩIэныгъэ IуэхухэмкIэ и министерствэм къищтащ. – Налшык: ОО «Книга», 2010